*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№106 (26558)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 19 июнь – хурхæтæны мæйы 19 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД
Зынгсирвæзтытæ не 'руагътой

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Рухстауæн сесси

## «Бынтæ. Размæцыд. Иудзинад»

**«Æнæ фæцудгæйæ, хиуыл нæ ауæрдгæйæ, лæгдзинад æвдисгæйæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ сæ нæмттæ Уæрæсейы ног историйы бафыстой», – афтæ рухстауæн сесси «Бынтæ. Размæцыд. Иудзинад» кадджын уагæй байгом кæныны рæстæг загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



Сесси арæзт æрцыд Дзæуджыхъæуы, уырдæм æрбацыдысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ Цæгат Кавказы федералон зылды регионтæй æмæ Хуссар Ирыстонæй. Цæгат Ирыстоны разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фæсивæд æмхуызонæй кадимæ хъахъхъæнынц бæстæйы æдасдзинад. «Нæ адæмты хуыздæр традицитæ зæрдæбынæй чи æххæст кæны, сымах уыдон стут. Ам æрæмбырд сты алы адæмты хуыздæр минæвæрттæ, æрбаиу уæ кодтой иумæйаг хæзнатæ æмæ хъысмæт. Нæ бæстæйы хъомыс йæ бирæнацион адæмы мидæг кæй ис, уымæн стæм æвдисæн», – загъта Сергей Меняйло.

Йæ хатдзæгмæ гæсгæ, иумæйаг истори, хæстон æфсымæрдзинад, кæрæдзийæн аргъ кæнын сессийы архайджытæн Уæрæсейы æмæ Хуссар Ирыстоны адæмты 'хсæн хæлардзинады бастдзинæдтæ фидардæр кæныны фадат ратдзысты. Ахуыртæ цæудзысты цалдæр боны. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг куыд радзырдта, афтæмæй ацы сесси бар дæтты фыдæлты лæгдзинад бахъахъхъæнынæн, уымæй уæлдай, нæ фидæн сбæрæг кæнынæн.

«Æмбарæм, сабыр цард сног кæнын кæй домы фылдæр рæстæг, уæдæ, Фыдыбæстæ чи хъахъхъæдта, уыдон рохуаты уадзæн нæй. Рухстауæн сессийы комкоммæ хæс у ног курдиæттæ раиртасын, сæхи равдисынæн сын фадæттæ саразын. Службæйы рæстæг цы фæтк равдыстат, уæлахизмæ тырныдзинад уын суыдзысты сабыр царды бындуртæ. Мах цæттæ стæм алывæрсыг æххуысмæ, уæ бон у ахуырад райсын, æхсæнадон хъæппæристæ равдисын, æндæр пайдайаг хъуыддæгты бацархайын», – ахæм уыд Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы хатдзæг.

Сессийы раныхас кодта сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеран **Цоциты Сæрмæт**, уый бафиппайдта фæлтæрты иудзинад æмæ историон зæрдылдарды ахадындзинад. «Мæхицæн кадыл нымайын сымахæн æгасцуай зæгъын ацы сессийы, ам æрæмбырд сты алы фæлтæрты, алы дæсныйæдты минæвæрттæ, хæст царды фæлтæрддзинадимæ адæм. Фæлæ нæ æрбаиу кодта Фыдыбæстæмæ уарзондзинад. Ветеранты фæлтæрддзинад у æнæфæцудгæйы дæнцæг, бæрнондзинад æмæ Райгуырæн бæстæйæн лæггад кæныны цæвиттон», – загъта Цоцийы-фырт.

Йæ хъуыдымæ гæсгæ сæ хъæбатырдзинад æмæ фæллой систы сабыр царды, æдасдзинад æмæ рæзты бындур. Цоциты Сæрмæт фæсидт ветерантæм, цæмæй сæ фæлтæрддзинад адæттой æрыгæттæм. «Хъæуы зæрдыл дарын æрмæст сгуыхтытæ нæ, фæлæ ма кæстæртыл дæр хъуыды кæнын, уый абон тынг ахсджиаг у», – загъта Цоциты Сæрмæт. Хуссар Ирыстонæй сессийы архайынц 40 адæймаджы, се 'хсæн – орден «Уацамонгæ»-йы кавалертæ.

Цæмæй ацы рухстауæн сесси бантыса, ууыл тынг бацархайдтой сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты ассоциаци, Уæрæсейы Æнæмæлгæ полкъ Президентон грантты фонды æххуысæй.

**Нæ уацхæссæг**

Парламенты Советæй

## Æнахъомты бартæ æмæ сæ сыгъдæг удварн бахъахъхъæныны нысантæ

**Знон уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст республикон закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

Парламенты закъонæвæрынады, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан** æркæсынмæ цы закъонты проекттæ рахаста, уыдонæй иу уыд «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы муниципалон сконд горæт Æрыдонæн «Æфсæддон намысы цæрæн бынат»-ы кадджын ном раттыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект. Ахæм курдиатимæ Парламентмæ бахатыд Æрыдоны районы Минæвæртты æмбырд. Ацы кадджын ном лæвæрд цæуы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизмæ, стæй республикæйы æхсæнадон, экономикон, политикон æмæ культурон цардмæ стыр бавæрæн бахæссыны тыххæй.



Советы уæнгтæ æркастысты «2025 азы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет сæххæст кæныны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проектмæ. Уый фæдыл раныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организацииты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Куыд загъта, афтæмæй закъоны проектæн уыд æхсæнадон байхъуыстытæ, фиппаинæгтæ йæм нæ разынд. Афтæмæй, 2025 азы бюджеты бæрæггæнæнтæ рауадысты ахæм: æфтиæгтæ – 52 миллиарды æмæ 244 милуан сомы, хæрдзтæ – 56 миллиарды æмæ 026 милуан сомы, бюджеты кадавар – 3 миллиарды æмæ 779 милуан сомы.

Хæдарцаты Аслæнбег ма æркæсынмæ рахаста 2025 азы фыццаг квартæлы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджет сæххæст кæныны тыххæй дзуаппон документ. Уым амынд æрцыдысты афæдзы фыццаг æртæ мæйы бюджеты бæрæггæнæнтæ: æфтиæгтæ – 12 миллиарды æмæ 376 милуан сомы, хæрдзтæ – 12 миллиарды æмæ 084 милуан сомы, афтæмæй, 291 мин сомæй фыццаг квартæлы бюджет рауад æфтиагджын.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы зæххы ахастытæн уаг дæттыны хицæндзинæдты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проект æркæсынмæ рахаста Парламенты зæххы æмæ аграрон политикæйы, экологи æмæ æрдзон фæрæзты комитеты сæрдар **Качараты Олег**. Нæ республикæйы, уæлдайдæр йæ хæххон ран зæххыты кадавардзинад нымайгæйæ, документ у тынг ахсджиаг, уымæн æмæ кæрон æвæры зæххы ахастыты къабазы фыдгæнæн цаутæн æмæ зæххытимæ баст фыдракæндтæн, зæххы ахастытæ æргом бындурыл арæзт цæмæй цæуой, уымæн кæны фидар бындуртæ.

Социалон нысаниуæджы закъонты проектты фæдыл ныхас кодта Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ**. Документтæ нывыл кæнынц республикæйы цæрæг гражданты æнæниздзинад, уыимæ, сывæллæтты сыгъдæг удварн æмæ се 'нæниздзинад бахъахъхъæныны бындуртæ, сывæллæтты æвæгæсæгдзинад æмæ се 'хсæн барадхалæн цаутæ профилактикæйы мадзæлттæ амонынц сывæллæтты къамисты куысты фæтк.

Реуазты Ларисæ ма ныхас кодта «Сидзæрæй æмæ æнæ ныййарджыты æвджид баззайæг сывæллæттæн социалон æххуысы уæлæмхасæн зæрдæдарæнты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проектыл. Уæлæмхасæн æххуысы мадзæлттæ, уыимæ, лæвар юридикон æххуысæй пайда кæнын кæмæн æмбæлы, адæмы уыцы къордтæм ма хаст цæуынц, астæуккаг кæнæ уæлдæр ахуыргæнæндоны ахуыр кæныны рæстæг сидзæрæй кæнæ æнæ ныййарджыты æвджид чи баззад, уыцы æнахъомтæ.

Советы уæнгтæ ма цы закъонты проекттæ равзæрстой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Остъаты Георги, Елена Князева, Джиоты Георги**.

Уымæй уæлдай, Советы уæнгтæ сфидар кодтой æвдæм равзæрст Парламенты радон æмбырды боны фæтк æмæ йæ саразыны æмгъуыд.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Аудынад

## Æфсæддонтæн – æххуыс

**Фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ» æххуыс кæнын райдайдзæн æфсæддон службæгæнджыты ноджыдæр ма дыууæ къордæн.**

Ацы фæндон баххæст кæндзысты Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** æххуысæй. Сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæг уæззау цæф чи фæци, фæлæ бæстæйы Гæрзифтонг тыхты рæнхъыты дарддæр службæ кæныны уынаффæ чи рахаста, фыццаг къордмæ хауынц ахæм æфсæддон службæгæнджытæ.

Сæрмагонд æфсæддон операци æххæсткæнынады районтæм æввахс æмарæн фæзуæттæм гæрзифтонг æрбабырстæн ныхкъуырд дæттыны фæдыл хæслæвæрдтæ æххæст кæныны заман чи фæсахъат, дыккаг къордмæ хауынц хæстон архайды ахæм ветерантæ.

Амæй размæ Уæрæсейы хъахъхъæнынады министры хæдивæг, хайад «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы сæрдар Анна Цивилева бахаста æххуысы мадзæлттæ фæпарахат кæныны фæндон. "Ацы уынаффæйы фæрцы æфсæддон службæгæнджытæ æмæ ветерантæм уыдзæн хайады руаджы реабилитацийы хъæугæ техникон фæрæзтæ: спортивон протезтæ, сæрмагонд уæлæдарæс, хæдтулгæтæ æмæ цæрæнуатыл сахуыр уæвынæн фæрæзтæ райсыны бар. Уымæй уæлдай, амынд æфсæддон службæгæнджытæн уыдзæн спортивон æмæ физкультурон дзыллон мадзæлтты (уыимæ – «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты кубок»-ы) архайыны фадат дæр.

Нæ хæс у æппæт хъæугæ фæрæзтæй æфсæддонты сифтонг кæнын æмæ сын царды удæнцой уавæртæ саразын. Ацы куыст дарддæр æххæст кæндзыстæм".

**Нæ уацхæссæг**



### РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай æртыккæгæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 23 июны 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 23 июны 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**

Адæмон газет

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Кæронмæ фæхæццæ кæны 2026 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныридæгæн «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет. Иннæтæн хъусын кæнæм, ацы мæйы кæронмæ ма газет рафыссæн кæй ис, уый.**

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы дыккаг æмбисæн газет «Рæстдзинад»-ы рафыссыны аргъ у 1717 сомы æмæ 16 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1396 сомы æмæ 56 капеччы.**

**Газеты индекс: 53901.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

Æмбырд

# Зынгсирвæзтытæ не ‘руагътой

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар видеобастдзинады руаджы архайдта, Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæрдары хæдивæг Дмитрий ПАТРУШЕВЫ разамындæй зынгсирвæзтытæй тæссаг рæстæджы фæстиуджыты тыххæй цы æмбырд уыд, уым.**




Æмбырды ма архайдтой Уæрæсейы æнæнхъæлæджы уавæрты министр **Александр Куренков**, Уæрæсейы Федерацийы æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Александр Козлов**, «Рослесхоз», «Росводресурс», «Росгидромет» æмæ иннæ дзуапдæтæг ведомствæты разамонджытæ, стæй регионы сæргълæуджытæ.

– Зынгсирвæзтытæй тæссаг уалдзыгон афон кæронмæ æрхæццæ. Зæгъын æмбæлы, 2025 азимæ абаргæйæ, ныртæккæ зынджы азары чи бахауд, уыцы фæзуæттæ æртæ хатты чысылдæр сты. Сæйрагдæр та у, адæймаг æмæ инфраструктурæйы зиантæ не ‘руадзын къухы кæй бафтыд. Цы мадзæлттæ арæзт æрцыд, уыимæ, æппæтуæрæсеон штабы архайды фæлгæты дæр, уыдоны руаджы æрдзон зынгсирвæзтытæ анхъæвзын нæ бауагътам, – загъта Дмитрий Патрушев.

Зынгсирвæзтыты афон кæронмæ нæма ахæццæ. «Рослесхоз» алы федералон зылды дæр, бынæтты уавæрмæ йæ цæст чи дары, ахæм штабтæ снысан кодта. Дмитрий Патрушев сын бахæс кодта иудадзыг æмбырдтæ аразын зынгсирвæзтыты рæстæджы кæронмæ. Уымæй уæлдай, Президенты æххæстбарджынты сæрмагонд къамисты æрвылбоны мониторинг дæр хорзæрдæм зыны ведомствæты æмгуыстадыл ацы ахсджиаг хъуыддаджы.

В и ц е - п р е м ь е р «Росгидромет»-æн бахæс кодта, куыд гæнæн ис, афтæ тагъд æмгъуыдмæ дзуапдæттæг оргæнтæн ахсджиаг прогнозтæ хъуысын кæнын. Регионтæ та сæхи рады хъуамæ оперативон æгъдауæй тох кæной алы зынгсирвæзтимæ дæр. Уæлдай цæстдард хъуамæ уа, Уæрæсейы Федерацийы субъекттты арæхдæр кæм цæуы ахæм зынгсирвæзтытæ, уыцы бынæттæм. Дмитрий Патрушев бафæдзæхста регионты профилактикон мадзæлттæ аразын хъæдмæ хæстæг энергетикæйы, транспорты, социалон инфраструктурон объекттæ æмæ хъæууонхæдзарадон зæххытыл. Уымæй уæлдай, ахсджиаг хъуыддаг у зынгсирвæзтыты ныхмæ мадзæлттæ аразын Уæрæсейы æфсæнвæндаг, «Россети» æмæ «Росавтодор»-ы дæлхайæдты фæзуæтты.

Æмбырды хатдзæгтæм гæсгæ, **Дзанайты Барис** куыд загъта, афтæмæй 10 мартъийы Цæгат Ирыстоны цы зынгсирвæзтыты афон райдыдта, уый агъоммæ æппæт хъæугæ мадзæлттæ арæзт æрцыдысты. Регионы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** стыр æргом здахы ацы ахсджиаг хъуыддагмæ. Куыд фарон, афтæ ацы аз дæр Уæрæсейы Федерацийы хъæды фонды республикæйы фæзуаты иу зынгсирвæзт дæр не ‘рцыд.

– Ландшафтон зынгсирвæзтыты ныхмæ арæзт æрцыд, 900 адæймаджы кæм ис, ахæм къорд, æмæ цæттæ сты 30 техникон иуæджы. Хъæды зынгсирвæзтыты ныхмæ – 1 800 специалистæй фылдæр æмæ 260 машинæйы. Федералон проект «Æнæпилотон авиацион системæтæ»-йы фæлгæты хъæды тыгуыр фæзуæттæм цæст дарынмæ æлхæд æрцыд хъæугæ ифтонггæрзтæ. Видеоцæстдардæн уæлæмхасæн стационарон камерæтæ балхæдтам. Сæрмагонд станцæ æххæст у зынгсирвæзтыты ныхмæ тохгæнæн техникæйæ, – загъта республикæйы Хицауады Сæрдар.

Республикæйы арæзт æрцыдисты хæххон фæзуæтты зынгсирвæзтыты ныхмæ ахуыртæ, архайдтой дзы хъæдæй пайдагæнæг æмæ дзуапдæттæг организацитæ. Регионалон диспетчерон службæ æнæкъуыхцытæй кусы. Рагагъоммæ артдзæстытæ сбæрæг кæныны тыххæй рад хаст цæуы бæрæгбæттæ æмæ æмæ фæлладуадзæн бонты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Барад

# «Лирикæ» ахæстонмæ хоны...

**Цæгат Ирыстоны наркотикты ныхмæ тохы хайады пъæлицæйæгтæ баурæдтой 59-аздзыд сылгоймаджы, гуырысхо йыл кæнынц карз хостæ уæй кæнынæй. Урæд æрцыд, Чермены хъæуы сыхаг республикæйы цæрæгæн хос «Лирикæ» куыд лæвæрдта, афтæмæй. Уыцы хосты 210 капсулæйы йын ссардтой йæ хæдтулгæйы мидæг сылгоймаджы хызыны. Куыд базыдтой, афтæмæй уыцы хостæ æндæр регионæй сылгоймаг иста посты хайады, уый фæстæ та сæ уæй кодта «фæлхасгæнæгæн».**



**Ныртæккæ пъæлицæйæгтæ архайынц къорды иннæ архайджыты дæр рабæрæг кæныныл. Байгом кодтой уголовон хъуыддаг. Уæрæсейы уголовон кодексы сæрмагонд уагæвæрдмæ гæсгæ аххосджынтæн гæнæн ис, æмæ ахæстоны фæбадой аст азы онг.**

**Кæй баурæдтой, уыцы сылгоймаг та уал бады рæстæгмæ дарыны изоляторы.**

***РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ***

Æхсæнад

# Иумæйаг нысантæм — æмгуыстады фæрцы

**Уыдис Уæрæсейы гвардийы Цæгат Ирыстоны управленийы æмбырд. Ныхас дзы цыди нæ республикæйы мидæг æхсæнадон æгъдау хъæугæ хуызы æххæст кæныны фарстатыл. Æмбырды сæрдариуæг кодтой Уæрæсейы гвардийы Цæгат Ирыстоны управленийы разамонæг, пъæлицæйы булкъон Дмитрий Подвысоцкий æмæ Цæгат Кавказы Уæрæсейы Федерацийы Президенты æххæстбарджын минæварады аппараты сæйраг федералон инспектор Сергей Гончаров.**




**Æмбырды архайджытæ бæстон æрныхас кодтой нæ республикæйы алыхуызон культурон, спортивон, æхсæнадонполитикон мадзæлтты рæстæг управленийы кусджыты хъæугæ уагыл архайды тыххæй. Сергей Гончаров куыд бафиппайдта, афтæмæй уæлдай стыр ахадындзинад ис хицаудзинады оргæнты æнтыстджын æмгуыстадæн уыцы ахсджиаг хъуыддаджы.**

**Æмбырды снысан кодтой Цæгат Ирыстоны æдасдзинады уавæр фидарæй-фидардæр кæныны мадзæлттæ, уыимæ, рохуаты нæ баззадысты уыцы уавæры æууæлтæм цæст дарыны хъуыддæгтæ дæр. Пъæлицæйы булкъон Дмитрий Подвысоцкий загъта, ныфс æй кæй ис, иумæйаг хъарутæй уыцы нысантæ къухы кæй бафтдзысты, уымæй.**

*Уæрæсейы гвардийы Цæгат Ирыстоны управленийы пресс-службæ*

Ахуырад

# Студентты фыццаг педагогон къорд

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты концертон залы арæзт кадджын æмбырды рæстæг педагогон курсытæ фыццаг хатт кастфæуæвæг адæмæн æвдисæндартæ раттой.**



Дзыллон мадзалы архайдтой ахуыргæнæндоны разамонджытæ, факультетты декантæ, «Уæрæсейаг студентон къордты» минæвæрттæ, стæй ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ. ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан** проекты архайджытæн ахуырад æнтыстджынæй фæуыны фæдыл раарфæ кодта.

– Нæ ахуыргæнæндоны студентон къордтæ кæй æндидзынц, уымæн ис стыр ахадындзинад. Фæсивæды профессион зонындзинæдтæ цæмæй фылдæр кæной, уымæн ног фадæттæ аразæм. Сымах стут цæгатирыстойнаг университеты æндидзæг студентон къордты змæлды ногдзаутæ. Рæхджы уæ дæсныйадмæ гæсгæ кусын кæй райдайдзыстут, уый фæрцы уæм ног профессион зонындзинæдтæ фæзындзысты, стæй уæ курдиæттæ раргом кæндзыстут. Нæ университеты рагæйдæр чи уыд, нæ хæс у студентон къордты уыцы арфæйаг æгъдæуттæ бахъахъхъæнын, стæй студентон змæлды педагогон, арæзтадон æмæ æндæр къабæзты дарддæры рæзтæн ахъаз кæнын. Студентон къордты æндидзынадмæ æвæрæнтæ бахæссæг æппæт адæмæн – бузныг, – загъта Огъуаты Алан.

Университеты спортивон-дзæбæхгæнæн комплекс «Дельфин»-ы директор **Дзобелаты Олик** раздæры студентон къордты рæсугъд æгъдæутты тыххæй хабæрттæ радзырдта. Фæстæдæр Дзобелаты Олик æмæ Огъуайы-фырт студенттæн радтой профессион ахуырад фæуыны тыххæй æвдисæндартæ.

«Уæрæсейаг студентон къордты»-йы штаб ЦИПУ-йы Карьерæйы центры бындурыл кæй кусдзæн, уый фæрцы уыдзæн æппæт бæстæйы экономикæйы алыхуызон къабæзты куыстæн студентты иудадзыг цæттæ кæныны фадат.

Нæ университет фæсивæды æппæтуæрæсеон æхсæнадон организаци «Уæрæсейаг студентон къордты»-йы грантон конкурсы кæй фæуæлахиз, уый фæрцы уыд проект баххæст кæныны фадат. ЦИПУ райста 198 мин сомы бæрц грант æмæ афтæмæй студенттæн лæвар цæттæгæнæн курсытæ арæзт æрцыдысты.

Профессион цæттæкæнынады программæ æнтыстджынæй чи рахатыд, проекты архайдтой университеты цалдæр факультетæй 23 ахæм студенты. Рæхджы ацы адæм нæ бæстæйы алыхуызон регионты сывæллæтты дзæбæхгæнæн лагерты кусын райдайдзысты педагогтæй.

Фæстæдæр университет студентон къордты штабы архайд фæуæрæх кæндзæн. Педагогон дæсныйадæй фæстæмæ студентты цæттæ кæндзысты лæггадкæнынады, арæзтады, инженерийы, медицинæ æмæ æндæр хъæугæ къабæзты куыстæн.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

# Медикты ног фæлтæрыл бафтдзæн



**Медицинон кусæджы боны агъоммæ Цæгат Ирыстоны Медицинон колледжы 449 рауагъдонæн кадджын уавæры раттой дипломтæ, 77-æй йæ каст фесты иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Ныры хуызæн бæркадджын никуыма рауад сæ рауагъд: æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæйы цы ивддзинæдтæ цæуы, уый домы астæуккаг медицинон ахуыргæнæндætты системæ дæр рацаразын.**

Ногдзинадмæ гæсгæ, æмткæй райсгæйæ, ацы аз ахуыргæнæндон каст фæуыдзысты 1041 медицинон хо æмæ ‘фсымæры, фелсыр æмæ акушеры, лаборант æмæ фармакологджы – рынчынтæ дзæбæх кæныны хъуыддаджы æнæмæнгхъæугæ специалисттæ. Уыдонæй 150 – сырх дипломтимæ. Колледжы директоры хæдивæг ахуырад æмæ методикæйы фарстаты фæдыл **Моргуаты Азæйы** ныхасмæ гæсгæ, кæцыдæр дæсныйæдтыл ахуыры æмгъуыд фæкъаддæр, цыппар азы кæй хъуыд, уый æртæ азмæ райста диплом. Уый баст у, ног ахуырадон стандарттæм кæй рахызтысты, уыимæ. Рауагъдонты цæттæдзинад нæ фæдæлдæр, уый хыгъд, регионы дзæбæхгæнæн кусæндæтты кадрты фарстайыл хуыздæрæрдæм фæзындзæн.

Колледжы рауагъдонтæй 97 специалисты кусынмæ ацæудзысты, ахуырмæ сæ цы медицинон кусæндæттæй рарвыстой, уырдæм. Кæцыдæр хай тырнынц уæлдæр ахуыргæнæндæттæм бацæуынмæ, дохтыртæ суæвынмæ, фæндзайæ уæлæмæ рауагъдоны та фæнды ‘фсады службæ кæнынмæ ацæуын.

Бафиппайын хъæуы уый дæр, æмæ рауагъдонтæн сæ хистæрыл кæй цæуы 70 азы. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ зонындзинæдтæ райсгæйæ, цард ивын кæй никæмæн ма байрæджы. Медицинон колледж чи фæцис каст, уыдонмæ разæй æнхъæлмæ кæсынц фыццаградон аккредитаци æмæ специализаци. Æнтыстджынæй сæ ацæугæйæ, рауагъдонтæм поликлиникæтæ æмæ рынчындæтты ‘нхъæлмæ кæсынц сæ кусæн бынæттæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Социалон фондæй

# Фидæны пенси саразынæн

**Цæгат Ирыстоны хикуыстылхæст 1.7 мин адæймаджы бархи фиддонтæ арвитдзысты Социалон фонды хайадмæ.**

Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайадмæ бархи фæдзæхстадон фиддонтæ бафидыны бар ис хикуыстылхæст граждæнтæн сæ пенси саразынæн.

Уый тыххæй хикуыстылхæст адæймæгты бархийæ бацæуын хъæуы бархи барадахастдзинæдты æнæмæнг пенсион фæдзæхстадмæ портал лæггæдты мобилон уæлæмхасæн «Мæ хъалонтæ», кæнæ Социалон фонды республикон хайадмæ бадæттын хъæуы курдиат.

«Хикуыстылхæсты къорды архайджытæ закъонмæ гæсгæ уæгъдгонд цæуынц æнæмæнг пенсион фæдзæхстадæй. Фæлæ фæдзæхстадон пенси нысангæнгæйæ æнæ уымæй нымад нæ цæуы фæдзæхстадон стаж æмæ пенсион коэффициент. Уыцы уавæры фидæны пенси аразынæн фадат дæттынц фæдзæхстадон фиддон бархийæ фидыны гæнæнтæ», – фæбæлвырд кодта Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**

Фæдзæхстадон фиддонтæ рæстæгыл бафидын фадат дæтты æрмæст фæдзæхстады стажы рæстæг нымайынæн нæ, фæлæ индивидуалон пенсион коэффициенттæ (ИПК) æмбырд кæнынæн дæр.

Кæд Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайадмæ курдиат лæвæрд æрцыд афæдзы райдайæны, уæд фиддоны бæрц бæрæггонд цæуы афæдзы дæргъы фæдзæхстгонд адæймаг бархи барадахастдзинæдты цал боны лæууыд, уымæ гæсгæ.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм: 2026 азы зæронддзинады тыххæй фæдзæхстадон пенси снысан кæнынæн хъæуы пенсион кар, стаж 15 азæй къаддæр куыд нæ уа æмæ 30 пенсион коэффиценты УСФ-йы иугонд контакт-центр: **8-800-100-00-01**. УСФ-йы РЦИ-Аланийы хайады куысты фæтк – **9-18** сахатмæ, къуырисæрæй алы майрæмбонмæ æмæ **9–16.45** мин. майрæмбоны.

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

# Программа телепередач с 22 по 28 июня



## 22 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.20 Время покажет 16+
12.15 Светлой памяти павших в борьбе против фашизма. Минута молчания
14.00, 17.00, 23.00 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
18.30 Д/ф «Вторжение» 12+
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Аллигатор» 16+
00.10 Время героев 16+
01.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
04.00 22 июня, ровно в четыре часа... Реквием Роберта Рождественского 16+
05.10 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 12.20, 18.00 60 минут 12+
12.15 Светлой памяти павших в борьбе против фашизма. Минута молчания 16+
14.30, 03.30 Т/с «Тайны следствия» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Загляни ему в голову» 16+
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.15 Х/ф «1941. Русские не сдаются» 16+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
05.10 Д/ф «Кто «прошляпил» начало войны» 16+
06.00 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
08.25, 10.35, 12.20 Основано на реальных событиях 16+
12.15 Светлой памяти павших в борьбе против фашизма. Минута молчания
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи
16.45 ДНК 16+
20.00 Т/с «Леший» 16+
22.15 Т/с «Балабол» 16+
00.40 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.10 Д/ф «Они снимали за Родину» 16+
02.05 Т/с «Рикошет» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.40, 06.20, 07.00, 07.45 Т/с «Снайпер-2. Тунгус» 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Т/с «Настоящий» 16+
13.30 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
14.20, 22.20 Т/с «Великолепная пятерка-8» 16+
15.15, 16.05, 23.10 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.15, 20.20, 21.25, 02.05, 02.45, 03.30, 04.05 Т/с «След» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
00.30, 01.20 Т/с «Свои-6» 16+
04.45 Т/с «Свои-2» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Д/ф «Плавск. Дворец для любимой» 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф «Хозяйки Удоры» 16+
08.20 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.50 Х/ф «А пароходы гудят и уходят...» 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15 Война Анатолия Папанова 16+
11.35, 00.00 XX Век 16+
12.15 Светлой памяти павших в борьбе против фашизма. Минута молчания 16+
12.45, 22.35 Д/ф «Стоп! Сшито! Костюм в кино» 16+
13.15 Линия жизни 16+
14.10 Х/ф «Встреча перед разлукой» 16+
15.30, 00.40 Д/ф «Спасти от варваров» 16+
16.15 Д/ф «Слово о словах» 16+
16.30 Передвижники. Иван Шишкин 16+
17.15 Д/ф «Сочи. Вилла «Надежда» 16+
18.00 Д/ф «Завтра не умрет никогда» 16+
18.40 День памяти и скорби. П.И. Чайковский. Симфония №6 «Патетическая» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Д/ф «Петляков. Тайна полета» 16+
20.50 Спокойной ночи, малыши!
21.05 Х/ф «Завтра была война» 0+
23.05 Ступени цивилизации 16+
01.20 Д/ф «Музыка мира и войны» 16+
02.00 Истории города N с Пьером Бурелем 16+
02.40 Д/ф «Первые в мире» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 18.20, 22.05, 01.50, 05.05 Все на Матч! 12+
09.05, 13.00, 18.15 Новости
09.10 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Испания-Саудовская Аравия. Трансляция из США 6+
11.25 Улетный Футбол. Прямой эфир
12.15 Светлой памяти павших в борьбе против фашизма. Минута молчания 16+
12.20, 17.35 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Обзор 6+
13.05 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Бельгия-Иран. Трансляция из США 6+
15.20 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Уругвай-Кабо-Верде. Трансляция из США 6+
19.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Аргентина-Австрия. Прямая трансляция из США
23.35 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Новая Зеландия-Египет. Трансляция из Канады 6+
02.40 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Норвегия-Сенегал. Прямая трансляция из США
05.40 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Иордания-Алжир. Прямая трансляция из США

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Большое кино 16+
08.45 Х/ф «Женская версия. Чистильщик» 12+
10.45, 00.35 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 03.00 Х/ф «Один день, одна ночь» 16+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «След лисицы на камнях» 12+
16.55 Хроники московского быта 16+
18.10 Х/ф «Стряпуха» 16+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.50 Д/ф «Суд истории. 22 июня» 16+
01.35 Прощание 16+
02.15 Д/ф «Свадьба и развод» 16+
04.35 Тайна песни 16+
05.15 Д/ф «Валерий Баринов. Человек игры» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.30 По делам несовершеннолетних 16+
07.25 Давай разведемся! 16+
08.25, 03.40 Тест на отцовство 16+
10.40 Д/ф «Прости меня...» 16+
11.45 Д/ф «Беду отведу» 16+
12.50, 02.20 Д/ф «Знахарка» 16+
13.25, 02.45 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.00, 03.15 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.35 Х/ф «Хрустальная королева» 16+
19.00 Х/ф «По ступеням любви» 16+
23.30 Д/ф «Он мне изменяет» 16+
00.30 Д/ф «Понять. Простить» 16+
01.25 Д/ф «Порча» 16+
05.20 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.05, 04.20 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
15.00 Дикий, дикий мир 16+
17.00, 02.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Безумные факты 16+
21.00 Х/ф «Ночь в осаде» 16+
23.25 Х/ф «Заложники» 18+

### СТС
05.00, 10.00, 04.05 100 мест, где поесть 16+
06.35 Просто кухня. Лучшее 12+
07.55, 09.00 С легким утром! 16+
10.20 Х/ф «Асфальтовое солнце» 16+
12.15 Светлой памяти павших в борьбе против фашизма. Минута молчания 12+
12.20 Х/ф «Мой любимый чемпион» 12+
14.25 Х/ф «Туман» 16+
18.05 Х/ф «Туман-2» 16+
21.20 Х/ф «Охота на короля» 16+
23.05 Х/ф «Я не киллер» 18+
01.25 Х/ф «Опасный квартал» 16+
02.50 Х/ф «Ниндзя» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «Интерны» 16+
09.00 Сокровища императора 16+
